

KAD EGZEKITIF KONTE A



Mwen fyè anpil de gason ak fanm pwofesyonèl ki konpoze fòs polis nou an e ki te asire ke Konte Nassau - jwi de youn nan to krim ki pi ba nan peyi a. Antanke youn nan konte ki pi

divèsifye nan peyi Etazini, divèsite sa sèvi kòm fòs nan kominote nou an.

Nou reyini ansanm pa yon sans objektif komen, e diferans ak divèsite kiltive kòm yon sous enspirasyon pou nou tout.

Atravè efò sansibilizasyon, fòs polis nou an ap konstwi patenarya ak kominote atravè Konte a pou asire ke Nassau rete yon bon kote pou viv, travay epi elve yon fanmi.

KOMISÈ POLIS LA



Antanke Komisè Polis pou Konte Nassau, mwen vle asire tout rezidan yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou, ke misyon Depatman an se pou sèvi tout moun nan Konte Nassau e pou bay sekirite ak yon

kalite vi amelyore atravè ekselans nan sèvis lapolis la.

Nou dwe kenbe epi amelyore konfidans ak konfyans pèp n ap sèvi a epi ranfòse e devlope patenarya ant polis la ak kominote nou desèvi yo nan fason kontini. Nou kwè tout moun merite sèvis efikas, san pati pri nan Depatman an. Ansanm, nou dwe idantifye pwoblèm epi devlope solisyon pou amelyore kominote nou yo..

KESYON YO POZE SOUVAN

Konsènan rezidan etranje ak moun ki pa gen dokiman nan Konte Nassau yo:

Si ou se yon moun ki pa gen dokiman e ou viktim de yon krim tankou agresyon, vòl, oubyen yo kase kay ou oswa lòt kalite krim, èske ou ka rele lapolis?

WI, toutafè! Depatman Polis Konte Nassau a la pou sèvi tout moun nan Konte Nassau kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou.

Si m gen bezwen atansyon medikal pou nenpòt kalite ijans sante, èske m dwe rele 911?

WI, toutafè! Sante ak sekirite tout moun nan Konte Nassau se prensipal enkyetid nou; nenpòt lè ou bezwen asistans yon polis, ponpye oubyen asistans medikal, ou dwe rele 911.

Èske yon ofisye polis Konte Nassau ap kenbe m sèlman paske mwen se yon moun ki pa gen papyè?

NON. Depatman Polis Konte Nassau pa fè aplike lwa imigrasyon federal. Men, si yo arete w pou yon krim (tankou DWI, ti vòl ak agresyon) e ou se yon rezidan etranje, Depatman Polis la ap transmèt enfòmasyon sa bay Imigrasyon ak Dwan (ICE: Immigration and Customs Enforcement). Avi sa se pou detèmine si gen yon manda ICE oubyen yon detansyon ki egziste.

Se politik NCPD pou pran enfòmasyon sou sityasyon imigrasyon:

- Viktim krim
- Temwen
- Tout moun ki rele oubyen ki apwoche polis ka k ap chèche èd

RESOUS ENPÒTAN:

Coordinating Agency for Spanish Americans (CASA)
[Ajans Koòdinasyon pou Ispano-Ameriken yo]
40 Main Street - 3rd Floor
Hempstead, NY 11550
516.572.0750

Office of Minority Affairs (Biwo Zafè Minorite)
40 Main Street - 3rd Floor
Hempstead, NY 11550
516.572.1933

US Citizenship and Immigration Services (Sèvis Sitwayen ak Imigrasyon Ameriken)
1.800.375.5283

Nassau County Police Department Community Affairs (Biwo Kominikasyon Depatman Polis Konte Nassau)
516.573.7360



Avi Piblik sa se yon piblikasyon Depatman Polis Konte Nassau

EDWARD P. MANGANO
KAD EGZEKITIF KONTE A



THOMAS C. KRUMPTER
KOMISÈ POLIS ENTERIMÈ

RESPE

AK

RESPONSABLITE

**KONTAK DEPATMAN
POLIS KONTE NASSAU
AK REZIDAN ETRANJE YO
AK MOUN KI PA GEN
DOKIMAN NAN KONTE NASSAU**



OFISYE POLIS

Respè pou tout moun kèlkeswa sityasyon yo se yon objektif primòdyal; Depatman Polis Konte Nassau a konsidere sa kòm responsablite nou.

Nan kad avansman misyon Depatman an, se travay Depatman Polis la, nan tout tan, lajounen kou lannwit, pou pwoteje lavi ak byen, anpeche krim, detekte epi arete agresè yo, prezève lapè piblik epi fè aplike tout lwa ak òdonans Depatman Polis la gen jiridiksyon sou yo.

Depatman Polis la eseye trete tout moun ak diyite ak respè kòm endividi, e pou egzès plis pasyans ak konpreyansyon kote yo ta ka rankontre baryè lang oswa diferans kiltirèl.

Pwoteksyon egal daprè lalwa se yon pati enpòtan nan objektif nou pou n genyen piblik la kòm patnè lè n kenbe tout kominote nou yo an sekirite. Keonfyans nan lapolis la enpòtan anpil pou kominote ka rive konsidere nou kòm patnè.

An Amerik, tout moun ka benefisye yon pwosedi regilye dapre lalwa kèlkeswa sityasyon aktyèl li.

Politik Depatman Polis la se pou asire ke gouvènman etranje yo ka ranfòse sèvis konsilè ki apwopriye a sitwayen yo nan peyi Etazini epi ede gouvènman Etazini an nan obligasyon legal li ak gouvènman sa yo.

(Rezidan Etranje: Pou rezon avi konsilè: Tout moun ki pa yon sitwayen Etazini. Sa enkli, etranje rezidan pèmanan legal ak moun ki pa gen dokiman.)

Peyi Etazini gen obligasyon dapre trete entènasyonal ak lwa konvansyonèl entènasyonal, pou avize otorite konsilè etranje yo lè yo arete sitwayen etranje yo oubyen tou si yo detni yo nan peyi Etazini. Li obligatwa pou depatman polis la avize sèten konsila etranje lè yo arete sitwayen peyi sa. Se pa tout peyi ki gen kondisyon obligatwa sa.


Alòske respè ak responsablite lè n ap aji ak kominote a se objektif prensipal Depatman Polis Konte Nassau, se yon responsablite endividyèl pou respekte epi swiv lwa ofisye polis yo te jire pou respekte epi fè respekte yo.

LALWA ak ESTATI REZIDANS

Lwa gouvènman federal la nan Washington, D.C. te kreye yo, afekte nou nan Konte Nassau. Se pa Depatman Polis Konte Nassau ki fè aplike lwa federal yo men yo ka rele nou pou ede yon ajan federal k ap fè aplike lwa federal yo nan Konte Nassau.

Lwa kriminèl, lwa sou veyikil ak sikilasyon ak sèten lòt lwa lokal fè aplike pa Depatman Polis Konte Nassau ak lòt vilaj ak Depatman polis vil ki nan Konte Nassau.

Lè yo kanpe oubyen detni yon moun nan ka gen vyolasyon lwa sa yo, se responsablite piblik la pou respekte otorite ofisye yo epi idantifye tèt yo korèkteman. Yo ka depoze plis chaj kont tout moun ki bay manti nan fason volontè oswa mal prezante tèt yo pandan yon envestigasyon polis, yo.



Yo egzije tout moun nan Konte Nassau nan Eta New York, kèlkeswa sityasyon legal moun nan, pou obeyi a lwa lokal, lwa eta ak lwa federal ki anvigè aktyèlman yo. Depatman Polis Konte Nassau p ap poze kesyon sou sityasyon rezidans aktyèl ou amwenke yo arete w pou yon krim. Nan moman yo arete w la, si yo jwenn ou se yon sitwayen etranje, ajan Imigrasyon ak Dwan ki chaje pou defann lwa sa yo nan Konte Nassau ka remake sityasyon rezidans ou.

Nan moman sa, moun yo arete a ka fè fas ak règleman konsènan sityasyon yo Ozetazini. Depatman Polis Konte Nassau pa aplike lwa imigrasyon.

Men, yo òdone polis Konte Nassau pou kòmanse yon kontwòl imigrasyon ak dwan lè yo arete yon moun yo jwenn ki se yon sitwayen etranje. Nan sans sa, tout akize ki nan gadavi oubyen ki sou demand detansyon p ap kalifye pou libète sou kosyon e y ap kenbe l pou konparisyon.

RESPÈ AK RESPONSABLITE NAN KOMINOTE A

Respè pou tout moun dwe pratike tou nan kominote nou yo, kèlkeswa peyi orijin, relijyon, sèks oubyen enfimite yon moun.

Pandan ke piblik la mande respè ak konpreyansyon nan men polis la, yo bezwen egzès menm respè sa pou vwazen, zanmi ak fanmi yo ak lwa jiridiksyon nou yo.

